

# KWHS - Enstriksyon pou Otorizasyon pou Pratike Espò

## Okenn atlèt pa otorize pou yo patisipe san yon Kat Otorizasyon Direktè Espòtif la bay.

Atlèt ak Paran – [www.AthleticClearance.com](http://www.AthleticClearance.com) se kote ou ranpli otorizasyon ou pou patisipe nan aktivite espòtif Key West High School yo. Tout fòm espòtif obligatwa yo dwe ranpli sou anliy. Sa gen awè ak tout elèv ki te remèt fòm yo pa imèl, nan kourye lapòs oswa an pèsòn.

Tanpri, mache ak eleman sa yo pou konplete dosye w la:

1. Pou w ka enskri nan Athletic Clearance, ou bezwen yon nimewo idantifikasyon elèv. Ou ka jwenn nimewo sa a lè w vizite Pòtay Focus la.
  - Etap pou wè yon nimewo idantifikasyon elèv yo fèt konsa:
    - Tanpri, konekte sou: <https://monroe.focusschoolsoftware.com/focus/?skipSAML>
    - Depi w fin konekte, ale nan meni ki sou goch la pou w chwazi "Enfòmasyon sou Pitit Mwen" an.
    - Ou ka jwenn Nimewo Idantifikasyon Elèv yo anba foto yo. Antre tout nimewo 10 chif ki kòmanse ak 4400\*\*\*\*\* lè w ap enskri nan Athletic Clearance. **Si Nimewo Idantifikasyon Elèv yo manke, otorizasyon an ap refize.**
  - **Tanpri, PA sèvi ak adrès imèl keysstudents yo lè w ap kreye yon kont.**
2. Elèv yo dwe ranpli ak telechaje sètifika pou twa kou obligatwa yo atravè [www.NFHSLearn.com](http://www.NFHSLearn.com).
  - [Klike la a pou Enstriksyon Kou NFHS sou Komasyon Serebral, Arè Kadyak ak Maladi ki lye ak Chalè yo](#)
  - **TOUT TELECHAJMAN YO DWE TELECHAJE KÒM YON FICHYE PDF OSWA YON FICHYE JPEG.**
3. Elèv yo dwe bay enfòmasyon sou asirans yo. Si pitit ou a pa gen asirans, ou ka achte yon asirans. [Klike la pou w enskri anliy: Enskri nan K-12](#) epi telechaje resi w kòm prèv asirans.
  - [Enfòmasyon sou Asirans Elèv la \(Anglè\)](#)
  - [Enfòmasyon sou Asirans Elèv la \(Espanyòl\)](#)
4. Yo dwe telechaje yon sètifika medikal ki ajou oswa ki konsève nan dosye a anvan w patisipe nan aktivite espòtif KWHS yo. Egzamen medikal yo dire 365 jou. Se yon doktè ki dwe ranpli [Fòm Fizik FHSAA EL2](#) sa a. Tanpri asire w ke Doktè a mete so sou egzamen medikal la anplis de siyati li.
  - Pou fè egzamen medikal ou a atravè AHEC, rele **305-743-7111 ekstansyon 210** pou pwograme yon randevou ak yon pasyan an pèsòn.
5. Yon Fòm Konsantman pou Tretman Medikal ta dwe ranpli, siyen epi notarye.
  - [Konsantman pou Tretman Medikal](#)

Ou ka jwenn aksè nan Athletic Clearance a lè w suiv lyen sa a: [www.AthleticClearance.com](http://www.AthleticClearance.com)

Genyen yon videyo sou paj akèy la pou ede w.

KWHS ka ede nenpòt atlèt ki pa gen aksè oswa ki bezwen asistans pandan tout pwosesis la. Kontakte biwo atlèt yo finansye a nan **305-293-1549** oswa kontakte Mr. Freeman pa imèl nan [andrew.freeman@keysschools.com](mailto:andrew.freeman@keysschools.com).

Enstriksyon pou Online Athletic Clearance:

1. Ale sou [www.AthleticClearance.com](http://www.AthleticClearance.com) epi chwazi Eta ou a.
2. Enskri. Paran yo ap enskri gras ak yon non itilizatè ak yon modpas ki valid. Y ap mande pou ou tape yon kòd pou verifeye si ou se yon moun. Si w ta rate pati sa a, kont ou an p ap aktive. (Si w ta rate pati sa a, tanpri kontakte Athletic Clearance pou aktive kont ou an)
3. Konekte ak adrès imèl ou te bay la.
4. Chwazi "Start Clearance Here" [Kòmanse Otorizasyon an La] pou kòmanse pwosesis la.
5. Chwazi ane lekòl elèv la prevwa patisipe ladan l lan. Pa egzanp: Foutbòl nan mwa septanm 2023 t ap koresponn ak ane lekòl 2023-2024 la.
6. Chwazi lekòl kote elèv la ye a epi ki pral patisipe nan konpetisyon (Key West High School) la
7. Chwazi Espò a. Chwazi **TOUT** espò elèv la pral patisipe nan yo pou ane lekòl sa a.
8. Ranpli tout espas ki obligatwa pou Enfòmasyon sou Elèv la, Antesedan Edikasyon yo, Antesedan Medikal yo ak Siyati Fòm yo.
9. Donasyon yo fakiltatif pou pwogram espòtif ou a. Nou apresye sipò ou anpil!
10. Depi ou fin resevwa mesaj konfimasyon an, ou fini ak pwosesis la. Tanpri enprime Mesaj Konfimasyon an epi voye l bay Depatman Espò a avèk Fòm Konsantman pou Tretman Medikal la.
11. Si ou ta renmen enskri pou lòt espò/aktivite, ou kapab koche espò sa yo anba a nan Mesaj Konfimasyon an. Siyati elektwonik yo pral aplike nan espò/aktivite adisyonèl yo.
12. Y ap transmèt tout done sa yo elektwonikman bay depatman espò lekòl ou a pou yo egzamine l.

### **Ou gen Kesyon?**

Ale sou [Support.AthleticClearance.com](http://Support.AthleticClearance.com) epi soumèt yon tikè.

Pral gen yon etap adisyonèl pou jwenn otorizasyon pou ane lekòl 2024-2025 lan. Aprè yo fin soumèt otorizasyon sou anliy lan, atlèt la dwe remèt yon kopi papyè Fòm Konsantman pou Tretman Medikal la ak Mesaj Konfimasyon nan Depatman Espò a.

Après tout etap yo fin fèt, atlèt la ap resevwa yon Kat Otorizasyon nan men Direktè Espòtif la. Lè sa a, atlèt la bay antrenè prensipal la Kat Otorizasyon sa a pou antrenè a kapab verifeye si atlèt la otorize pou li patisipe.